lépp a ngi ci ndogal yi, ba ci lott ak muus, mbaa muus ak lott

Jële nañu ci Taawuus mu wax ne: fekk naa fi ay nit ci Sahaabay Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, ñuy wax naan lépp a ngi aju ci ndogal yi, Taawuus wax ne: dégg naa Abdullah Ibn Umar -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «lépp a ngi ci ndogal yi, ba ci lott ak muus, mbaa muus ak lott».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Leerarug hdiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne lépp a ngi aju ci ndogal, Ba ci lompañ te mooy: bàyyi loo war a def ngir di tanxamlu ak di ko yéexe ci waxtoom, ci biri àdduna yi ak yu allaaxira yi. Ak ba ci muus, te mooy: sawar ak ñaw ci biri àdduna yi ak yu allaaxira yi. Ak ne Yàlla mu kawe mi dafa dogal muus ak lompañ ak lépp, dara du am lu dul ne jiitu na ca xam-xamu Yàlla ba ak coobareem.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/65039